**XALÍQ DEPUTATLARÍ BOZATAW RAYONLIQ KEŃESINIŃ SHESHIMI**

**XALQ DEPUTATLARI BO'ZATOV TUMANI KENGASHINING QARORI**

2024-jıl 27-dekabr VII-4-017-13-216-K/24 Bozataw rayonı

## Bozataw rayonınıń 2025-jılǵı jergilikli byudjetin tastıyıqlaw haqqında

Ózbekstan Respublikası "Jergilikli mámleketlik hákimiyatı haqqında"ǵı Nızamınıń 6, 24-statyaları, Byudjet kodeksiniń 27, 99-statyaları, "2025-jıl ushın Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjeti haqqında"ǵı 2024-jıl 24-dekabrdegi ÓRN-1011-sanlı Nızamına muwapıq Xalıq deputatları Bozataw rayonlıq Keńesi

**SHESHIM ETEDI**

1. Ózbekstan Respublikasınıń "2025-jıl ushın Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjeti haqqında"ǵı Nızamı hám Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi Prezidiumınıń 2024-jıl 26-dekabrdegi 26/II-sanlı qararı basshılıqqa alınsın hám orınlaw ushın qabıl etilsin.

2. Usı qararǵa tiykarlanıp, Bozataw rayonı jergilikli byudjetiniń 2025-jılǵı dáramatları 9 115 406,0 mıń.swm hám qárejetleri 56 206 322,0 mıń.swmǵa maǵlıwmat ushın qabıl qılınǵanlıǵı hámde respublika byudjetinen ajıratılatuǵın tártipke salıwshı byudjetlerara transfertler 47 090 916,0 mıń.swm muǵdarında tastıyıqlanǵanlıǵı, sonıń menen birge Bozataw rayonı jergilikli byudjetiniń jeke qazna esap betindegi turǵan byudjet qarjılarına jol qoyılatuǵın eń kem muǵdarı 392 000,0 mıń.swm etip belgilengenligi inábatqa alınsın.

3. Rayon jerglikli byudjeti dáramatlarınıń 2025-jıl ushın tiykarǵı prognoz kórsetkishleri belgilengen tártipte 1-qosımshaǵa muwapıq hámde rayonlıq jergilikli byudjetinen 2025-jılda byudjet qarjıların bólistiriwshilerge ajıratılatuǵın qárejetlerdiń ulıwma sheklengen muǵdarları 2-qosımshaǵa muwapıq, sonıń menen birge Bozataw rayonı jergilikli byudjetine ulıwma mámleketlik salıqları hám basqa salıqsız túsimlerden ajıratpalar normaları 3-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

4. Rayonlıq jergilikli byudjetiniń saqlawlı qorı muǵdarı 2025-jıl ushın belgilengen tártipte 649 992,0 mıń.swm muǵdarında belgilensin.

-saqlawlı qorıqarjıların ámeldegi byudjet nızamshılıǵına muwapıq, byudjet sisteması byudjetleri qáliplestirilip atırǵanda aldınnan názerde tutıp bolmaytuǵın qárejetlerdi, sonıń menen birge sociallıq-ekonomikalıq turaqlılıq júzege kelgen jaǵdaylarda ámelge asırılıwı zárúr bolǵan ilájlardı qarjılandırıw ushın baǵdarlanıwı támiyinlensin.

5. Awıl xojalıǵı ushın mólsherlenbegen jerler ushın yuridik shaxslar boyınsha absolyut muǵdarda 1 gektar jer ushın belgilengen bazalıq salıq stavkasına kiritilip atırǵan kemeytiriwshi hám asırıwshı koefficientler belgilengen tártipte 4-qosımshaǵa, fizikalıq shaxslar boyınsha (diyqan xojalıǵın júritiw ushın berilgen awıl xojalıǵına mólsherlengen jerlerden tısqarı) absolyut muǵdarda 1 $m^2$ ushın belgilengen bazalıq salıq stavkalarına salıstırǵanda kirtilip atırǵan kemeytiriwshi hám asırıwshı koefficientler belgilengen tártipte 5-qosımshaǵa, kóshpes múlkke bolǵan huqıqlardı mámleketlik dizimnen ótkeriwshi organlarda dizimnen ótkeriliwi lazım bolǵan jay hám imáratlardıń 1 $m^2$ ushın absolyut muǵdarda belgilengen minimal mánisge salıstırǵanda kiritilip atırǵan koefficientler 6-qosımshaǵa, jer ústi hám jer astınan alınatuǵın suw resursları ushın 1 $m^3$ kólemine bazalıq salıq stavkalarına kiritilip atırǵan kemeyttiriwshi hám arttırıwshı koefficientleri belgilengen tártipte 7-qosımshaǵa hámde naruda qurılıs materialları ushın 1 $m^3$ qazıp alınǵan kólemine bazalıq salıq stavkalarına kiritilip atırǵan kemeyttiriwshi hám arttırıwshı koefficientleri 8-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

6. Rayon hákiminiń finans-ekonomika hám kambaǵallıqtı qısqartıw máseleleri boyınsha birinshi orınbasarı (lawazımına qaray), rayonlıq Ekonomika hám finans bólimi (R.Adilbaev), rayonlıq Salıq inspekciyası (M.Tolıbaev) menen birgelikte 2025-jıl jergilikli byudjeti ushın belgilengen kórsetkishlerdi óz waqtında hám nátiyjeli orınlanıwın támiyinlew ilájların kórsin.

7. Rayonlıq byudjet qarjıların bólistiriwshiler byudjetten ajıratılǵan qarjılardan maqsetli hám nátijeli paydalanıw, atap aytqanda is haqı hám oǵan teńlestirilgen tólewler, azıq-awqat, dári-dárman, kommunal xızmetler hám mámleket dástúrleri ushın belgilengen qárejetlerdi birinshi náwbette tolıq rejelestiriliwi hám óz waqtında tóleniwi hámde dawirli kompleks finanslıq esabatlardı tuwrı qáliplestiriw hám óz waqtında usınıs etiliwi támiyinlesin.

8. Usı sheshim tiyisli redaktoriyatlar hám ǵalaba xabar quralларında jarıtıp barıw usınıs etilsin hámde rayon hákimliginiń rásmiy veb-saytına jaylastırılsın.

9. Usı sheshimniń orınlanıwın qadaǵalaw xalıq deputatları Bozataw rayonlıq Keńesiniń jergilikli byudjetti dúziw hám orınlaw, ekonomikalıq reformalardı ámelge asırıw hám isbilermenlikti rawajlandırıw máseleleri boyınsha turaqlı komissiyasına hámde rayon hákiminiń finans-ekonomika hám kambaǵallıqtı qısqartırıw máseleleri boyınsha birinshi orınbasarına júkletilsin.

| | |
|---|---|
| Sessiya basqarıwshısı | BEKBOSÍNOVA GULSHAXIRA JUMABAEVNA |

Xalíq deputatlarí Bozataw rayonı
Keńesiniń
2024-jıl 27-dekabrdaǵı
VII-4-017-13-216-K/24 -sanlı sheshimine
1-qosımsha

**Bozataw rayonı jergilikli byudjeti dáramatlarınıń 2025-jıldaǵı tiykarǵı prognoz kórsetkishleri**

mıń swmda

| № | Dáramat túrleri | Jámi |
|---|---|---|
| **1** | **Jámi** | **9 115 406,0** |
| 1.1 | Fizikalıq táreplerden alınatuǵın dáramat salıǵı (aymaqlıq salıq tólewshiler) | 5 427 799,0 |
| 1.2 | Suw resurslarınan paydalanǵanlıǵı ushın salıq | 408 073,0 |
| 1.3 | Fizikalıq táreplerden alınatuǵın dáramat salıǵı (ITD) | 32 972,0 |
| 1.4 | Fizikalıq táreplerden alınatuǵın jer salıǵı | 1 587 800,0 |
| 1.5 | Jer astı baylıqlarınan paydalanǵanlıǵı ushın salıq (nedra salıǵı) | 0,0 |
| 1.6 | Fizikalıq tápeplerdiń mal-múlkine salınatuǵı nsalıq | 496 501,0 |
| 1.7 | Yuridikalıq tápeplerdiń mal-múlkine salınatuǵın salıq | 89 411,0 |
| 1.8 | Yuridikalıq tárepler jer salıǵı | 317 257,0 |
| 1.9 | Aylanbadan alınatuǵın salıq | 746 904,0 |
| 1.10 | Mámleket múlkiniń ijarasınan tusimler | 8 689,0 |
| **2** | **Transfertler** | **47 090 916,0** |
| **3** | **JÁMI QÁREJETLER** | **56 206 322,0** |

Xalíq deputatlarí Bozataw rayonı
Keńesiniń
2024-jıl 27-dekabrdaǵı
VII-4-017-13-216-K/24 -sanlı sheshimine
2-qosımsha

**2025-jıl ushın Bozataw rayonı jergilikli byudjetinen rayonlıq byudjet qarjıları bólistiriwshilerge ajıratılatuǵın qarjılardıń sheklengen muǵdarları**

mıń swmda

| № | Kórsetkishler | Swmması |
|---|---|---|
| **I** | **Jámi qárejetler** | **56 206 322,0** |
| **1** | **Bozataw rayonı mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw bólimi** | **9 316 336** |
| | Sonnan: | |
| | Bólimniń saqlaw qárejetleri | 2 754 831,0 |
| | Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi saqlaw qárejetleri | 3 739 758,0 |
| | Ulıwma bilim beriw mekteplerin saqlaw qárejetleri | 1 309 960,0 |
| | "Meniń mektebim" baǵdarlaması | 842 618,0 |
| | Barkamal áwlad balalar mektebin saqlaw qárejetleri | 669 169,0 |
| **2** | **Bozataw rayonı Mádeniyat bólimi** | **622 015,0** |
| | Sonnan: | |
| | Basqarıw organların saqlaw qárejetleri | 154 591,0 |
| | Bólimniń saqlaw qárejetleri | 467 424,0 |
| **3** | **20-sanlı balalar muzıka hám kórkem-óner mektebi** | **1 267 180,0** |
| **4** | **Bozataw rayonı sport mektebi** | **2 773 206,0** |
| **5** | **Abadanlastırıw basqarmasına** | **12 207 278** |
| | Sonnan: | |
| | Abadanlastıw qárejetleri | 7 987 879,0 |
| | Ishki jollardı ońlaw | 4 219 399,0 |
| **6** | **Suw xojalıǵı mákemesi** | **2 988 426,0** |
| **7** | **Veterinariya hám sharwashılıqtı rawajlandırıw tarawı** | **1 079 741** |
| | Sonnan: | |
| | Veterinariya hám sharwashılıqtı rawajlandırıw bólimi | 950 224,0 |
| | Haywanlar kesellikleri diognostikası hám azıq-awqat ónimleri qáwipsizligi bólimi | 129 517,0 |
| **8** | **Bozataw rayonı hákimligi** | **20 102 747** |
| | Sonnan: | |
| | Rayon hákimligin saqlaw qárejetleri | 2 534 804,0 |
| | Xalıq qabıllawxanasın saqlaw qárejetleri | 42 584,0 |
| | Hákim járdemshilerin saqlaw qárejetleri | 571 778,0 |
| | Hayal-qızlar belsendilerin saqlaw qárejetleri | 302 308,0 |
| | Sociallıq beyimleystiriw orayı | 71 841,0 |
| | Saqlaw qorı qárejetleri | 649 992,0 |

| | | |
|---|---|---|
| | Puqaralar belsendiligi qorı | 15 918 617,0 |
| | Erkinen ayrılıp jazanı ótep bolǵan puqaralarǵa «dáslepki sociallıq járdem paketi» | 10 823,0 |
| **9** | **Jaslar agentligi rayonlıq bólimi** | **1 089 835,0** |
| **10** | **Kambaǵallıqtı qısqartıw hám bántlikke kómeklesiw bólimi** | **1 959 181,0** |
| **11** | **Bozataw rayonı ekonomika hám finans bólimi** | **2 342 516,0** |
| **12** | **Xalıq deputatları bozataw rayonı Keńesi sekretaryatı** | **277 861,0** |
| **13** | **Máhalleler birlespesi bozataw rayonlıq bólimi "Máhalle byudjeti" qorı qarjıları** | **180 000,0** |

Xalíq deputatlarí Bozataw rayonı Keńesiniń
2024-jıl 27-dekabrdaǵı
VII-4-017-13-216-K/24 -sanlı sheshimine
3-qosımsha

## Ulıwma mámleketlik salıqlardan rayon jergilikli byudjetine ajıratpalar normativleri

*Payız esabında*

<table>
<tr><th rowspan="3">№</th><th rowspan="3">Qala hám rayon ataması</th><th rowspan="3">Yuridikalıq shaxslardan alınatuǵın payda salıǵı</th><th colspan="3">Fizikalıq shaxslardan alınatuǵın dáramat salıǵı</th><th rowspan="3">Jeke tártiptegi isbilermenlerdenalınatuǵın dáramat salıǵı (3 111 800, 3 111 104, dáramat kodları)</th><th rowspan="3">Jeke tártiptegi isbilermenlerden alınatuǵın qatań belgilengen salıq</th><th rowspan="3">Aylanbadan alınatuǵın salıq</th><th rowspan="3">Alkagol ónimleri (araq)</th><th colspan="2">Aksiz salıǵı, benzin, dizel janılǵısı hám gaz realizatsiyasınan salıq</th></tr>
<tr><th rowspan="2">Iri salıq tólewshiler</th><th colspan="2">Aymaqlıq salıq tólewshiler boyınsha</th><th rowspan="2">QR Respublika byudjeti</th><th rowspan="2">Qala hám rayonlar byudjeti</th></tr>
<tr><th>QR Respublika byudjeti</th><th>Qala hám rayonlarbyudjeti</th></tr>
<tr><td>1</td><td>Bozataw rayonı</td><td>0</td><td>0</td><td>50</td><td>50</td><td>100</td><td>100</td><td>100</td><td>0</td><td>100</td><td>0</td></tr>
</table>

***dawamı***

<table>
<tr><th colspan="2">Yuridikalıq shaxslardıń mal-múlkine salınatuǵın salıq</th><th colspan="2">Yuridikalıq shaxslardıń jer salıǵı</th><th rowspan="2">Fizikalıq shaxslardıń mal-múlkine salınatuǵın salıq</th><th rowspan="2">Fizikalıq shaxslardan alınatuǵın jer salıǵı</th><th rowspan="2">Jer astı baylıqlarınan paydalanǵanlıǵı ushın salıq (ruda emes materialları)</th><th rowspan="2">Suw resurslarınan paydalanǵanlıǵı ushın salıq</th><th rowspan="2">Jámi Mámleketlik bajı</th><th rowspan="2">Jámi Járiymalar</th></tr>
<tr><th>Iri salıq tólewshiler</th><th>Aymaqlıq salıq tólewshiler boyınsha</th><th>Iri salıq tólewshiler</th><th>Aymaqlıq salıq tólewshiler boyınsha</th></tr>
<tr><td>0</td><td>100</td><td>0</td><td>100</td><td>100</td><td>100</td><td>100</td><td>100</td><td>0</td><td>0</td></tr>
</table>

***dawamı***

| **Jıyımlar** | **Sonnan** | **Geologik úyreniwler ushın jer astınan paydalanǵanlıq ushın hárjıllıq litsenziya tólemi (3 422 687)** | **Mámleketlik múlkti ijaraǵa beriwden túsim** | **Mámleket unitar kárxanalarınıń sap paydasınan ajıratpa** | **Kóshpes sawda obektin auktsion sawdaları arqalı ótkeriwden alınatuǵın túsim** | | **Basqada túsimler (3 450 603, 3 450 723, 3 450 725, 3 450 950, 3 450 951, 3 511 700, 3 511 112, 3 710 303 dáramat kodlarınan tısqarı)** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **3 422 203 kodına tiyisli jıyımlar** | | | | **QRRespublika byudjeti** | **Qala hám rayonlarbyudjeti** | |
| 0 | 100 | 15 | 100 | 0 | 50 | 50 | 0 |

Xalíq deputatlarí Bozataw rayonı
Keńesiniń
2024-jıl 27-dekabrdaǵı
VII-4-017-13-216-K/24 -sanlı sheshimine
4-qosımsha

**Bozataw rayonlıq awıl xojalıg‘ına mo’lsherlenbegen jerler ushın yuridikalıq ta’repler boyınsha birden-bir mug‘darda 1 gektar ushın belgilengen bazalıq salıq stavkasına kiritilip atırg‘an kemeyttiriwshi hám arttırıwshı koeffitsientleri.**

| **№** | **PPJ ha’m APJ lar ati** | **Koefficent (0,7 den 3,0 ge shekem)** | **2025-jil ushin jer salıq stavkasi (miń.swmda)** |
|---|---|---|---|
| 1 | Bozataw PPJ | 0,95 | 22 743,0 |
| 2 | AspantayAPJ | 0,70 | 16 758,0 |
| 3 | QusxanatawAPJ | 0,95 | 22 743,0 |
| 4 | ErkindaryaAPJ | 0,95 | 22 743,0 |
| 5 | KóksuwAPJ | 0,95 | 22 743,0 |

*Qosımsha: Xalıq deputatları qalalıq hám rayonlıq Keńesleri tárepinen yuridikalıq tárepler ushın jer salıǵı stavkasın awıl ha’m mákan puqaralar jıyınları kósheler hám massivler kesiminde ekonomikalıq jaqtan rawajlanıwına qarap 0,7 den 3,0 ke shekemgi kemeyittiriwshi hám arttırıwshı koeffitsentlerin belgilew huqıqına iye.*

Xalíq deputatlarí Bozataw rayonı
Keńesiniń
2024-jıl 27-dekabrdaǵı
VII-4-017-13-216-K/24 -sanlı sheshimine
5-qosımsha

**Fizikalıq ta'repler boyinsha (diyqan xojalig'in ju'ritiw ushın berilgen awıl xojalıg'ına mo'lsherlengen jerlerden tısqarı) birden-bir mug'darda 1 kv.metr ushın belgilengen bazalıq salıq stavkalarına kiritilip atırg'an kemeyttiriwshi hám arttırıwshı koeffitsientleri sumda.**

| № | PPJ ha'm APJlar ati | Koefficent (0,7 den 3,0 ge shekem) | 2025-jil ushin jer salıq stavkasi (swmda) |
|---|---|---|---|
| 1 | Bozataw PPJ | 0,75 | 144,0 |
| 2 | AspantayAPJ | 0,7 | 134,4 |
| 3 | QusxanatawAPJ | 0,7 | 134,4 |
| 4 | ErkindaryaAPJ | 0,7 | 134,4 |
| 5 | KóksuwAPJ | 0,7 | 134,4 |

*Qosımsha: Xalıq deputatları qalalıq hám rayonlıq Keńesleri tárepinen fizikalıq tárepler ushın jer salıǵı stavkasın awıl ha'm mákan puqaralar jıyınları kósheler hám massivler kesiminde ekonomikalıq jaqtan rawajlanıwına qarap 0,7 den 3,0 ke shekemgi kemeyittiriwshi hám arttırıwshı koeffitsentlerin belgilew huqıqına iye.*

Xalíq deputatlarí Bozataw rayonı
Keńesiniń
2024-jıl 27-dekabrdaǵı
VII-4-017-13-216-K/24 -sanlı sheshimine
6-qosımsha

**Kóshpes múlkke bolǵan huquqlardı ma'mleketlik diziminen ótkeriwshi organlarda dizimnen ótkeriliwi kerek bolǵan ima'rat ha'm qurılmalardıń 1 kv.metri ushın absolyut (qatań) muǵdarda belgilengen minimal bahasına salıstırǵanda kiritilip atırǵan kemeytiriwshi koefficentler muǵdarı**

| № | Aymaq atamaları | 2025-jıl ushın belgilengen bazalıq stavkası | Koefficent muǵdarı | 2025-jılda *(Iri salıq tólewshilerden tısqarı)* 1 kv.metr ushın belgilengen stavkası (mıń sumda) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Bozataw rayonı | 1300,0 | 0,55 | 720,0 |

Xalíq deputatlarí Bozataw rayonı
Keńesiniń
2024-jıl 27-dekabrdaǵı
VII-4-017-13-216-K/24 -sanlı sheshimine
7-qosımsha

**Bozataw rayonında 2025-jılda jer ústi hám jer astınan alınatuǵın suw resursları ushın 1 m$^3$ kólemine bazalıq salıq stavkalarına kiritilip atırǵan kemeyttiriwshi hám arttırıwshı koefficientleri**

| **№** | **Salıq tólewshiler hám salıq salıw obektleri** | **kub.metr ushın salıq stavkası (sumda)** | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | **Koefficient (*0,7 den 1,5 ge shekem)*** | **Jer ústi suw resursları** | **Koefficient (*0,7 den 1,5 ge shekem)*** | **Jer astı suw resursları** |
| 1 | Ekonimikanıń barlıq tarmaqlarındaǵı kárxanalar (bunda 2 hám 3-bántlerde kórsetilgenlerden basqa), sonday-aq jeke tártiptegi isbilermenler hám isbilermenlik yaki dáramat alıw jónelisindegi, jasaw ushın mólsherlenbegen kóshpes múlk obektlerine iye bolǵan fizikalıq shaxslar | 1,0 | 700 | 1,0 | 850 |
| 2 | Sanaat kárxanaları | 1,0 | 700 | 1,0 | 850 |
| 3 | Avto transport quralın juwıw ushın isletiletuǵın suw kólemi | 1,0 | 15 000 | 1,0 | 15 000 |
| 4 | Alkogolsız ishimliklerdi hámde pivo, vinodan tısqarı alkogol ónimlerin islep shıǵarıw ushın paydalanılatuǵın suw kólemi | 1,0 | 38 000 | 1,0 | 38 000 |

***Esletpe:*** **Suw resurslarınan paydalanǵanlıq ushın salıq stavkalarına 0,7 den 1,5 ke shekem koefficient qollaw (awıl xojalıǵı, elektr stanciyaları, kommunal xızmet kórsetiwshi kárxanalar, hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti qararı menen tastıyıqlanǵan iri salıq tólewshilerden tısqarı)*

Xalíq deputatlarí Bozataw rayonı
Keńesiniń
2024-jıl 27-dekabrdaǵı
VII-4-017-13-216-K/24 -sanlı sheshimine
8-qosımsha

**Bozataw rayonında 2025-jılda naruda qurılıs materialları ushın 1 $m^3$ qazıp alınǵan kólemine bazalıq salıq stavkalarına kiritilip atırǵan kemeyttiriwshi hám arttırıwshı koefficientleri**

| № | Paydalı qazılma atamaları | Koefficient (*1 den 1,3 ке shekem arttırıwshı)* | 2025-jılda 1 kv.metr ushın belgilengen stavkası (mıń sumda) |
|---|---|---|---|
| 1 | Qurılıs qumı, qumtaslar, qum-sheben aralaspası | 1,3 | 6,5 |
| 2 | Gerbish-cherepica shiyki zatı, lyosslar va lyoss taslar, qurılıs qumı, qumtaslar, qum-tas aralaspası | 1,3 | 6,0 |